Qaraqalpaqstan Respublикаsı Joqarı ha’m Orta arnawlı

bilimlendiriw ministrligi

*Qaraqalpaq ma’mleкetliк universiteti*

QARAQALPAQ FILOLOGIYA FAKULTETI

# Referat

Tema: **A’jiniyaz Qosibay ulinin’ watan, el jurt haqqindag’i qosiqlarin tan’law.**




Orınlag’an: Nizamatdinova M

Qabıllag’an: **Алламбергенова П**


No’кis **w0qw -j**

# A’jiniyaz Qosibay ulinin’ watan, el jurt haqqindag’i qosiqlarin tan’law.

Jobasi:

- Kirisiw.
- A’jiniyaz shayir ha’m onin’ qaraqalpaq a’debiyatinda tutqan orni.
- A’jiniyaz lirikasinda watan temasi ha’m o’zi jasag’an zamang’a ko’z qaras.
- A’jiniyaz poeziyasinin’ janrliq o’zgesheligi.
- Juwmaqlaw.
- Paydalanilg’an a’debiyatlar.

# KIRISIW.

Qaraqalpaq poeziyasinin' erte da'wirdegi terme-tolg'awlarda baslang'an bolsa, XIX a'sirdegi Ku'nxoja poeziyasina kelip qosiq janri menen almasti. Al bunnan keyin A'jiniyaz poeziyasina g'a'zzel, muxalles, rubayilardin' payda boliw da'stu'rleri poeziyani a'dewir bayitti. A'jiniyaz lirikasi o'zinen alding'i shayirlarg'a qarag'anda da a'dewir bay lirika .

Qaraqlpaq poeziyasi ko'p a'sirler dawaminda folklor menen qon'silasip barip, jazba a'debiyattin' a'lwa'n sirlarin o'zinde sa'wlelendire almag'an. Balki sonin' ushin bolsa kerek, A'jiniyazda o'z watanina, xalqina bolg'an muxabbat, oni ila'ji barinsha ko'terin'ki ha'm da'rt penen jirlaw, kewil tolg'anislarin qag'azg'a tolig'iraq tu'siriw, el da'rtinde janiw siyaqli shayirlliqa ta'n mag'anadag'i shayirliq sezginin' sirli tu'yinlerin quraydi.

A'lbette, ha'rqanday shayir haqqinda so'z bolg'anda en' birinshi gezekte shayir tematikasi so'z bolatug'inlig'i turg'an ga'p. Sol jag'daylardan qarag'anda A'jiniyaz lirikasin bir neshe temalarg'a bo'lip qaraw mu'mkin. Solardin' ishinde biz so'z etpekshi bolip otirg'animiz onin' watan haqqindag'i qosiqlari esaplanadi.

# A’jiniyaz Qosibay ulinin’ watan, el jurt temasindag’i qosiqlarin tan’law.

Ha’r qanday shayir o’z xalqinin’ a’diwli perzenti bolip esaplanadi. Demek, solay eken, ol birinshi gezekte o’z watanin, xalqin jirlaydi. Bul jir ya’ki qosiq onin’ en’ a’piwayi pikirleri emes, ba’lki onin’ xaliq aldindag’i parzi. Sonin’ ushin da ha’r qanday shayir o’z xalqi aldinda juwap beredi. Onin’ barliq qosiqlari xaliqqa bag’ishlang’an menen de ju’reginen qaynap shiqqan jeke tolg’anislari boladi. Bunday tolg’anislar onin’ qanday xaliq ekenligin de bildiredi.

A’jiniyaz qaraqalpaq xalqinin’ shayiri boliw menen birgelikte Xiywada oqig’an. Ko’p g’ana o’zbek ziyalilari

menen dos bolg'an. Qazaqstanda bir neshe ma'rtebe bolip, qazaqtin' shayir qizi Qiz Men'esh penen aytisqan. Tu'rkmenstan dalalarin aralag'an. Nawayi, Maqtumquli, Kemineni o'zine ustaz dep tanig'an. Demek, A'jiniyaz to'rt tuwisqan tu'rkiy xaliqlardin' arasinda bolg'an.

Bunday jag'dayda ha'r qanday shayir o'zinin' tuwilg'an elin tanitiwg'a ha'reket jasaydi. Usinday sebepler menen A'jiniyazda a'dewir ta'rip qosiqlari da jazilg'an. Ma'selen, onin' <<Ellerim bardi>> qosig'i Qazaqstanda bolg'an saparinda Qizil Orda u'lkesinin' itibarli baylarinan bolg'an Qojbannin' sorawi boyinsh ajazilg'ani ma'lim. Bul qosiq ta'riyp usilinda jazilg'an bolip, o'z xalqin bayan etken shayirdin' ju'rek debdiwleri dep qarawg'a boladi. Sebebi qosiqtin' ha'rbir qatarinda shayirdin' milliy maqtanishi bar.

**Misali:** **Sorasan' elimdi Qojban bizlerden,**

**Qalpag'i qazanday ellerim bardi.**

**Qa'te shiqsa keshirin'ler so'zlerden,**

**Qitay, Qon'irat atli ellerim bardi.**

**Jaylawim – U'rgenish, arqasi ten'iz,**

**Jawirini qaqpaqtay, mallari semiz.**

**Ruxsatsiz bir-birine salmas iz,**

**Birlikli Qon'irat ellerim bardi.**

**Tabiladi izlegennin' keregi,**

**Ko'linde bar qasqaldag'i, u'yregi.**

**Quwlari, g'azinin' pu'tin bu'yregi,**

**Dunyanin' an'lari ko'linde bardi.**

**Mine, bul qosiq qatarlarinan ma’lim bolg’aninday-aq A’jiniyaz qazaq baylarinan bolg’an Qojbang’a o’zinin’ tuwilip o’sken elin u’lken maqtanish penen bayan etken. Bul el U’rgenshten baslap Aral ten’izine shekem dawam etedi. Xaliqtin’ milliy etnografiyaliq o’zgesheligi, «Basinda qazanday qalpag’i bar, ko’llerinde ha’r qiyli quslar ko’p» - dep aypaqshi boladi.**

**A’jiniyaz bul qosig’i arqali o’zinin’ en’ da’slep qaraqalpaq dep atalg’an eldin’ azamati ekenligin, bul el qazaq ha’m o’zbek xaliqlarina a’dewir jaqin bolip, tu’r-tu’si, etnografiyasi, tili Orta Aziya xaliqlarina jaqin ekenligin ayta kelip, xaliq o’zine ta’n tuwriliq, sipayiliq sipatlarinin’ bar ekenligin bayanlaydi.**

O'tirikti iras etip aytpag'an,

Bas kesse de tuwri joldan qaytpag'an,

Na'ma'hremdi hasla joldas tutpag'an,

Ati qaraqalpaq ellerim bardi.

A'lbette, erte da'wirlerde bir xaliq penen ekinshi xaliq arasinda bu'gingi ku'ndegidey o'z-ara jaqin qarim-qatnas bolmag'an. Texnikanin' samalyot ha'm poezdlardin' bolmawina baylanisli bir xaliq ekinshi xaliq penen jaqinnan qatnasiwg'a mu'mkinshiligi az bolg'an. Sonday-aq A'jiniyazdin' Qazaqstanda bolg'an saparinda do'retilgen bul qosig'inda kindik qani tamg'an tuwg'an jeri ha'm onin' go'zzal ta'biyati, xalqi haqqinda bunday pikirlerdi tulip tasip jir etiwi shin ma'nisinde orinli esaplanadi. Usinday

**sebepler menen A'jiniyaz o'z qosig'in tariyxiy etnografiyaliq temada jazadi.**

**A'jiniyazdin' "Bardur" qosig'i da tap usinday temag'a qurilg'an. Negizinde bul qosiq shayirdin' ekinshi ret qirg'a barg'aninda jazilg'an bolsa kerek. Sebebi, bul qosiqta sol d'awirge ta'n bolg'an qaraqalpaq jigitleri menen qizlarinin' sipatlamasi beriledi.**

**Misali:**

**Yigitleri bardur Rustem sipatli,**

**Go'rug'lidek areb atli, haybatli.**

**Dawletyardek shija'a'tli, g'ayratli,**

**Keskir qilish, qamar tonlari bardur.**

**Yigit gezer dawan qish bile yaza,**

**A’reb atlar minip, elinde bazi.**

**Izinde qulaqli, shashaqli tazi,**

**Sag’risinda zerbap ju’nleri bardur.**

**Shayir bul pikiri arqali o’z elin “an’shi el” sipatinda ta’riplemekshi boladi. A’jiniyaz a’lbette, bul qosiqlarinda tuwisqan qazaq xalqinin’ miymandoslig’in tan’layi tu’skenshe maqtaydi. Oni oqimisli adam sipatinda qonaq asina qoy soyip, iynine shekpen jawip at mingizgenligi tuwisqan xaliqlardin’ bir-birine bolg’an tatiwlig’I dep biledi.**

**Bunnan tisqari ol oris ha’m nog’ay xaliqlari arasinda da bolg’an. Sonin’ ushin da ol geypara xaliqlardin’ til o’zgesheliklerin de o’z muxallesine kiritedi. Bul jag’day “kimnen sorasan’ ne ziyan” degen qatarlarinda ayqin**

**seziledi. Solayda ol o'zinin' ko'pshilik waqtin Qazaqstan dalalarinda o'tkizgen. Bul jag'daydi tariyxshilar atap ko'rsetkenindey sol da'wirde Xiywanin' Qutlimurat inaq medresesin pikergen on alti jigit xan pa'rmani menen islam ta'limatin tarqatiw ushin Qazaqstan dalalarina jiberilgende olardin' arasinda A'jiniyaz da bolg'an. Sonin' ushin da onin' bir neshshe ma'rtebe Qazaqstanda bolg'anligi seziledi. Usinday sebepler menen onda o'z elin sag'ing'an qosiqlari ko'p mug'darda jazilg'an. Shayirdin' "Eldi ko'rer ku'n barma eken?" qosig'I da sol tiykarda jazilg'an bolsa kerek.**

**Misali:**

**Arzu aylar ko'n'limiz o'z yurtimizg'a barg'ali,**

**Yaru-doslar ha'm qa'dirdan bila'n birge ju'rgeli,**

**Ra'him ayla, patshahim, elge jetker sen meni,**

**Ya ilahim, elimdi ko'rer ku'nla'r barma eken?**

**Bul qosig'inda shayir "Ra'him ayle, patshahim, elge jetker"- dep jalbarinadi. Demek A'jiniyaz uzaq mu'ddette o'zge jurtlarda qalip ketiwinin' o'zi de xan pa'rmani tiykarinda bolg'an.**

## Paydalanilg'an a'debiyatlar dizimi:


1. "Qaraqalpaq a'debiyati" (mektep sabaqlig'i) K.Mambetov. Z.Ayjanova. T.Da'niyarova. No'kis ""BILIM" 2006-jil.

2. "Ajiniyaz" -Tan'lamali Shig'armalari- No'kis 'Qaraqalpaqstan" 1988-jil.

3.

**Slayd:**


Watan
temasi
Didakti-
kaliq
A’jiniyaz
lirikasi
FILOSO-
FIYALIQ
Muxabbat